

# Chat Lapè pou ONI

Chat sa a se zèv idewoloji. Li chita sou reyalite a.

Siyen Chat sa pa vle di yon angajman ak sila yo ki reyalize l' la. Men, volonte moun sa yo se ankouraje tout moun ki dakò ak Chat la, reyalize travay pou Lapè, pandan yo pran konsyans reyalite a.



Zanmi yo:

Pifò moun, nan fon kè yo, vle Lapè. Men, chirepit ki genyen nan mitan tout kalite pèp sou latè, se bagay nou wè chak jou. Jwenn bon jan solisyon pou ka gen Lapè se pa yon bagay fasil. Gen anpil obstak!

Chat sa a la pou bay kèk prensip ki ka ede depase obstak sa yo, epitou bay bon jan baz pou n' ka konstwi Lapè ki pi solid la.

I. Nou menm, moun jounen Jodi a, pèsonèlman, nou pa responsab malè ki rive nan tan k' pase yo, paske nou pa t' egziste.

II. Kidonk poukisa, nou bezwen gen lahèn nan kè nou youn pou lòt, si nou pa responsab sa k' te pase nan tan avan nou yo?

III. Yon fwa lahèn san rezon sa yo elimine, poukisa nou pa vin zanmi e konsa kou ka travay ansanm pou nou konstwi yon mond global pi solidè epi ki bon pou pitit nou yo ak pou nou menm?

IV. Bon jan konesans sou Istwa se yon bagay ki enpotan anpil. Men, nou pa ka fè Istwa a fè bak, epi nou pa ka chanje l' tou. Men nou wè tou, si Istwa a pa t' jan l' ye a - pi bon oubyen pi mal – sila yo ki vin apre yo pa t'ap menm jan tou. Pandan tan sa a, se lòt rankont ki t'ap fèt, lòt relasyon, lòt moun ki t'ap fèt, men se pa t'ap nou menm. Pèsòn nan nou, Jodi a, ki gen chans san parèy sa pou nou egziste, pa t'ap la! Sa pa vle di mal gran paran nou yo te fè yo pa mal tout bon vre. Nou pa dakò ak yo, nou rejte yo epi nou dwe refize refè yo.

Etònman ak emèveyman devan egzistans nou ap ankouraje nou, nou menm moun jounen jodi a, pou nou angaje nou ak kè kontan pou nou chanje sitiyasyon jounen jodi a ki gen rasin li nan bagay mal ki te pase anvan nou.

V. Nou menm, moun, sèlman paske nou egziste- lè n' konnen nou te ka pa egziste -, nou gen yon relasyon fondamantal: nou se frè ak sè nan egzistans lan. Si nou pa t' egziste, nou pa t'

menm ka frè ak sè pèsòn moun, bò kote manman oubyen bò kote papa. Wè fratènité nan egzistans lan, ki depase tout lòt yo ap fè nou solidè pi fasil, lè n'ap louvri bay soyete a.

VI. Lè n'ap mete sou pye lòt baz sosyal, daprè nou, ki ka ede nan chanjman, se yon danje pou nou mete baz sa yo chita sou bagay ki te la déjà, menm si bagay sa yo ta sanble bon pou sa.

Baz tou nèf yo ta bon pou konte tout bon vre sou moun tout kote. Men gen yon kondisyon: fòk

moun sa yo pa rete fèmen sou yo, paske si se pa sa, ka genyen tout kalite konfli e menm lagè.

VII. Moun lib, moun entelijan e moun ka renmen. Renmen pa ka yon bagay fòse oubyen enpoze; li pa dwe avèg men se pou bagay yo klè devan je nou. Si renmen an pa boujonnen pou kont li epi ak sajès, li pa renmen tou bon vre. Chak fwa nou anpeche yon moun viv libète li oubyen nou anpeche l' wè bagay yo klè, nou anpeche l' renmen nou tou. Kidonk, defann, favorize, devlope libète tout bon vre chak moun genyen an (sa mande yon dimansyon sosyal ko-responsab) ak sajès moun sa yo, se ede youn renmen lòt, epi konsa kontwi Lapè a pi byen.

VIII. Reprezantan enstitisyon ki la depi lontan, pa responsab sa k' rive nan tan lontan, paske yo pa t' ko la. Men, pou Lapè ka boujonnen, fòk yo kondane, nan bon moman, mal ak enjistik moun menm enstitisyon sa yo te fè nan tan pase yo. Konsa, yo ka repare, kòm enstitisyon, nan fason yo kapab mal ki te fèt yo.

IX. Paran yo gen responsabilite paske yo bay lot moun egzistans. Fòk yo, ak èd soyete a, bay pitit yo, jiskaske yo mouri (espésyalman andikape mantal yo ak sila yo ki pa gen yon volante solid) kont mwayen ak sipò- prensipalman nan ofri yo yon mond ki gen mwens kè sote – pou yo ka devlope lavi yo ak diyite moun, piske yo pa t' mande pou yo fèt. Epitou, se pou yo ankourage jèn yo pou yo gen lajwa pou yo viv, nan bon jan ekzanz paran yo, fanmi yo, ak soyete a ap ba yo. Se pou yo ede yo tou pou yo travay nan awofondisman teknik ak lasyans pou ka gen plis lapè nan mond lan.

Se yon bagay ki klè, nou pa ka konstwi Lapè toupatou a si nan soyete a e menm nan mitan fanmi yo, yo meprize plis pase mwatyé moun ki ladan l': fi, timoun, granmoun aje ak moun yo mete ak kote yo. Alòske, bon jan rekonesans ak respè diyite ak dwa moun sa yo ap fè li pi fasil pou n gen Lapè.

X. Anpil peyi rekonèt déjà dwa pou panse, pou eksprime ak pou fè reyinyon libelibè, depi yo respekte dwa lòt moun. Men, chak moun tou gen dwa pou yo viv lavi yo nan mond sa a daprè sa yo panse tout bon vre.

Kidonk demokrasi yo ta dwe amelyore pou yo defann e fè pwomosyon pou tout moun ka viv selon konsyans yo san yo pa janm atake libète pèsòn, ni fè moun mal, ni fè tèt pa yo mal tou.

San lahèn, ak rasin nou nan libète, nan reyalite a ak nan zanmi, nou ka konstwi Lapè....

Zanmi yo, mèsi...

*Poskriptoum:*

*Travay chèf yo se konsantre tout objektif yo sou bonè moun jounen jodi a, paske yo egziste e yo gen dwa pou viv lavi yo nan diyite, men san bonè moun jounen jodi a pa mete an danje ekilib lanati a nan tan k'ap vini yo.*

*Si gras a politisyen l' yo, yon nasyon ka vin chak jou miyò, sitwayen jounen jodia nan nasyon sa a, va gen pi bon relasyon, epitou timoun ki va fèt yo a kontan paske peyi yo avanse. Sa va*

*kreye bon jan kondisyon pou ka gen bon jan relasyon nan mitan granmoun yo, e se relasyon sa yo ki va pèmèt timoun yo fèt.*

*Men, si gen nasyon ki pa byen gouvène, relasyon granmoun yo ap pi difisil. Sitiyasyon sa a ap kreye lòt relasyon nan mitan moun yo, elatriye.... Lòt moun ap fèt, diferan ak moun ki ta fèt si nasyon an te pi bon. Sila yo ki fèt nan lòt sikontans ka toujou kontan menm si, nan peyi yo, bagay yo pa twò byen, paske si se pa t'sa, yo pa t'ap fèt. Men, li klè, nouvo sitwayen sa yo dwe mete tèt yo ansanm pou yo amelyore sitiayson an, lè yo vin granmoun.*

*Kidonk se yon bagay ki klè, nan nenpòt peyi epi pou nenpòt moun, sitwayen k'ap vini yo ap toujou kontan pou sa gouvènan jounen jodi yo fè (pi bon ou pi mal), paske se sa ki fè yo egziste. Se sa k'fè objektif ki pi enpotan pou gouvènan yo, se byen moun jounen jodi a.*

2010 © UNIVERSITAS ALBERTIANA